



# Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

*Enfòm. Edike. Defann.*

## Etap pou Anpeche Entimidasyon

### YON TI KOUT JE

Gen plizyè definisyon pou entimidasyon, sepandan, yo jeneralman enplike sa yo:

*Dezekilib pouvwa  
Entansyon pou koze mal  
Repetisyon*

**Gade chanjman nan pitit ou:** Chanjman nan konpòtman, atitud, abitud, absans lekòl, retire, etc.

**Politik lekòl kont entimidasyon:** *eske gen pwosedi ki dekri nan kod konduit lekòl la? Mande yon kopi oubyen tcheke manyèl elèv la pou wè si lekòl la gen metòd anplas kap ede rezoud situation an.*

### **Lòt pwoteksyon pou elèv ki gen andikap**

Eta yo ak distri lekòl yo gen responsabite anba Seksyon 504, tit II, ak edikasyon moun ak andikap yo (IDEA) pou asire ke yon edikasyon piblik gratis apopriye (FAPE) disponib pou elèv ki gen andikap ki kalifye.

### **Kisa ou ka fè si pitit ou ap sibi entimidasyon?:**

**Pale ak pitit ou.** Fokis sou pitit ou. Pale de enkyetid ou e di klè ke ou anvi ede.

**Kontake pwofesè pitit ou ak direktè a.** Dokimante tout komunikasyon yo.

**Dokimante tout seri entimidasyon yo.** Travay ak pitit ou pou kenbe tout dosye entimidasyon yo. Si li enplike cyberbullying, anrejistre tout mesaj yo oubyen tout afich yo.

**Ede pitit ou devlope strateji ak kapasite pou.**

**Dwe pèsistan.** Entimidasyon pap rezoud nan yon sèl nwit.

**Chèche èd pou pitit ou.** Jwenn konsèy nan men konseye pitit oubyen lòt pwofesyonèl sante ki lekòl la. Yo ka ede pitit ou avec strès ki vini ak entimidasyon.

**Komèt pou fè entimidasyon an kanpe.** Pale souvan avèk pitit ou ansanm ak staff lekòl la pou wè si entimidasyon an kanpe. Ou ka bezwen kontake yon avoka. Oubyen kontakte lapolis si entimidasyon an pa kanpe oubyen vinn dejenere.

**Pou plis enfòmasyon ale sou [www.picofdel.org](http://www.picofdel.org) oubyen rele nan (888) 547-4412**



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki gen misyon pou ede paran angaje yo nan edikasyon.

## **Sa ou dwe Konnen sou entimidasyon sou entènèt:**

**Di pitit ou pa reponn ak entimidasyon sou entènèt.** Kèk fwa reponn konn fè sityasyon an pi mal.

**Dokimante kontinyèl entimidasyon sou entènèt.** Travay ak pitit ou yo pou anrejistre tout ensidan yo. **Enprime paj entènèt la.**

**Fòk ou pèsistan.** Pale souvan ak pitit ou pou w ka Konnen si entimidasyon sou entènèt la kanpe.

**Bloke moun kap entimide pitit ou a sou entènèt.** Anpil paj entènèt ak konpayi telefòn kite ou bloke moun. Entimidasyon sou entènèt ka vyole "Terms and Conditions" sèvis sa yo. Konsidere kontakte yo pou depoze yon plent.

**Kontakte lapolis.** Lapolis ka reponn si konpòtman agresif la kriminel. Sa yo ka konsidere tankou yon krim:

- Menas vyolans
- Pònografi timoun ak sexting
- Pran photo yon moun nan yon plas kote ki ta dwe prive
- Arasman, swiv san pèmasyon oubyen krim
- Arasman nan apèl telefòn oubyen tèks
- Ekspwatasyon seksyèl
- Ekstòsyon

**Delaware Department of Justice Bullying Prevention & School Crime Hotline**  
**1-800-220-5414**

## **Kisa ou dwe fè si pitit ou a se moun kap entimide a:**

**Pale ak pitit ou.** Mande koman sityasyon an te ye. Fòk ou objektif epi tande ak atansyon.

**Fè pitit ou Konnen ke ou pran entimidasyon o serye.** Avèk kalm fè yo Konnen ke ou pa tolere entimidasyon.

**Devlope règ ki klè epi konsistan pou konpòtman pitit ou a.**  
Fè lwanj pou pitit ou lè yo swiv règ yo. Deside konsekans ki jis epi swiv yo si pitit ou a pa swiv règleman yo.

**Sipèvize aktivite pitit ou/zanmi.**  
Ak anpil atansyon sipèvize epi kontwòle aktivite yo lè yo an liy oubyen ap tèks.

**Konnen kiyès zanmi pitit ou yo ye.**  
Chache Konnen Kijan yo pase tan yo.

**Konstwi talan pitit ou ak atitid pozitif li yo.** Ankouraje li pou li patisipe nan aktivite sosyal tankou foutbòl, kous, chess/atelye liv.

**Travay ak lekol pitit ou pou asire w ke entimidasyon yo pa rive anko.**  
Mande lekol la pou toujou enfòm w. Travay ansanm pou voye yon mesaj ki klè ke entimidasyon an dwe kanpe.

**Pale ak yon konseye nan lekol la oubyen yon pwofesyonèl sante.**  
Yo ka kapab bay pitit ou lòt èd.

Source(s): [www.stopbullyingnow.gov](http://www.stopbullyingnow.gov)  
Pacer Centers National Bullying Prevention Center

**Pou plis enfòmasyon ale sou [www.picofdel.org](http://www.picofdel.org) oubyen rele nan (888) 547-4412**



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje nan edikasyon.